



## kanpe bloke pale

BAY TIMOUN AK FANMI YO  
MWAYEN POU YO AN  
SEKIRITE AK PALE BYEN  
AVÈK MOUN ANLIY

Aprann ptit ou metòd  
pou **KANPE, BLOKE,**  
epi **PALÉ** a:

**KANPE** Pran prekosyon  
nan sa w ap afiche ak  
sa w ap pataje avèk  
lòt moun.

**BLOKE** nenpòt moun  
k ap anbete ou, nenpòt  
ki jan. Ou pa bezen  
wont fè sa. Fè rapò pou  
yo, si sa nesesè.

**PALÉ** avèk yon moun  
ou fè konfyans, si gen  
yon bagay k ap  
anbete w.

### APLIKASYON / SIT



**Instagram** se yon pòtay entènèt pou pataje enfòmasyon. Moun sèvi avèk li pou gade foto/video lòt moun, oubyen pou fè konvèrsasyon. Video kout yo rele "Reels". Itilizatè yo dwe kenbe kont yo privé, epi pèmèt sèlman moun yo konnen pèsonnèlman pou swiv yo. Kapab sèvi pou gade videoyo an dirèk.



**Snapchat** se yon aplikasyon pou pataje foto/videoyo/istwa, ki di li efase foto yo otomatikman apre yon tan. Men sèlman, yon moun toujou kapab konsève foto yo, kidonk se sèlman kontni awopriye ki dwe pataje.



**TikTok** se yon kominate video global. Itilizatè yo kreye ak pataje klip video ki kout. Menm jan avèk piò aplikasyon yo, kapab genyen ladan bagay ki dekòlte oubyen gwo mo. Etranje kapab swiv kont ki piblik ak pataje mesaj enstantane, oubyen kòmantè ki pèmèt moun kominike fasil. Piò nan itilizatè yo chèche resevwa anpil "like" (renmen), oubyen jwenn moun k ap swiv yo, ak zanmi.



**X (ki te rele Twitter)** pèmèt itilizatè yo pataje tèks ki kout, oswa lyen, oswa foto. Kont yo dwe rete privé, pou pwoteje enfòmasyon pèsonnèl ak anpeche moun ki pa otorize voye mesaj dirèk.



**Facebook (avèk Messenger)** se youn nan rezo sosyal pi popilè ki genyen sou entènèt. Ou dwe limite enfòmasyon pèsonnèl ou yo, epi ou dwe fè atansyon lè pou afiche ak pataje enfòmasyon yo. Li kapab sèvi pou difiyon an dirèk. **Messenger** se yon zouti nan Facebook. Itilizatè yo kapab voye mesaj ak rele kontak yo genyen nan FB.



**YouTube** se yon pòtay entènèt pou pataje videoyo, epi ou kapab antre ladan anliy. Itilizatè yo ka kreye pwofil pou lòt itilizatè enskri ladan yo. Pwofil yo dwe privé. Kapab sèvi pou gade videoyo an dirèk.



**Reddit** se yon pòtay entènèt pou pataje enfòmasyon. Itilizatè yo mèt afiche nenpòt ki bagay, depi foto pou rive nan videoyo ak istwa pèsonnèl yo. Kontni an ka dekòlte oubyen vilgè.



**Kik** se yon aplikasyon pou mesajri mobil, kote itilizatè yo kapab voye mesaj enstantane ak pataje foto youn ak lòt. Anpil fwa, konn genyen kontni an tèks oubyen foto dekòlte sou pòtay entènèt sa a. Ou dwe gen laj 17an oubyen plis pou sèvi avèk li.

### JWÈT



**Xbox, PlayStation, Nintendo Switch, ak lòt konsòl pou jwèt** kapab sèvi pou antre sou entènèt, tankou sou YouTube ak lòt sit. Jwèt yo konn fèt anpil fwa anliy, kote jenn moun kapab konnekte avèk moun yo konnen oswa avèk lòt moun nan nenpòt peyi.



**Roblox** se yon jwèt/platfòm kote itilizatè yo kapab kreye esperyans, pou pi souvan ki tankou jwèt. Roblox ankoraje itilizatè yo jwe oubyen pale avèk "zanmi", kidonk moun ki responsab timoun dwe gade ki paramèt ki aktive pou timoun yo, epi sèvi avèk kontwòl parantal. Sonje byen, menm si Roblox popilè avèk jenn moun, tankou nan piò jwèt yo gen anpil moun majè ki ale nan Roblox tou.



**Fortnite** se yon platfòm miltip, kote pou dènye sivivan an rete kanpe. Itilizatè a kapab jwe poukонт li oswa nan eskwad, epi timoun jwe la souvan avèk moun yo pa konnen, yo rankontre anliy. Verifye kontwòl parantal la byen, epi veye si gen entrizyon "V-buck" k ap fèt.



**Discord** se yon aplikasyon pou telefòn mobil ak pou PC ki pèmèt itilizatè yo fè konvèrsasyon nan tèks, oswa nan pale, oswa nan video. Chak diferan chànèl rele yon "server", kote yo kapab fè plizyè jwèt ak pale sou plizyè sijè. Danje ki genyen, se tonbe sou bagay ki endesan ak dekòlte pandan w ap pale avèk moun.



**Twitch** se yon sèvis dirèk ki pèmèt itilizatè yo montre sa yo vle, menm lè y ap jwe, oswa fè yon bagay, oubyen nenpòt kisa. Moun ki voye Twitch yo konn fè kòmantè oubyen konvèrsasyon avèk korespondan yo anliy. Moun sa yo konn mande pou "bits" oubyen kado nan rezo yo. Itilizatè yo kapab kominike separeman youn ak lòt tou.

## GADE SOU LÒT BÒ A, POU WÈ KONSEY SOU JAN POU PALE AVÈK TIMOUN SOU KEYSON SA A.



KANPE, BLOKE, ak PALÉ se yon pwogram  
**The Suffolk County  
District Attorney's Office**

suffolkdistrictattorney.com

617-619-4000 | @StopBlockTalk



CHILDREN'S ADVOCACY CENTER

of suffolk county

suffolkcac.org | 617-779-2146



**K:** Nan ki laj pou pitit mwen rive, anvan pou mwen pèmèt li sèvi avèk rezo sosyal oubyen jwe jwèt sou entènèt?

**R:** Lè pitit ou (avèk ou) ka fè yon bon chita pale sou sa nou ka jwenn sou entènèt:

- Materyèl sou sèks
- Gwo mo / pòtre
- Lòt itilzatè, tankou moun majè ki ta kapab eseye pran enfòmasyon pèsonnèl ak prive nan men yo, oswa konnekte avèk yo

**Kenbe sanfwa ou:** Si pitit ou di ou yon bagay ki fè ou sezi, eseye kenbe sanfwa ou, epi di li ou pral ede l. Pa mande pou kisa li pa te pale sou sa pi bonnè avèk ou.

**Di li mèsi dèské li di ou sa kounye a.**

## RESOUS ANLIY

connectsafely.org  
nationalonlinesafety.com  
netsmartz.org  
commonsense.org  
**Pou fè rapò sou yon imaj oswa yon vidyeo:**  
cybertipline.com

## POU KÒMANSE

Èske ou ka montre mwen kèk nan aplikasyon oswa jwèt ou yo?

Kilès ladan yo ou pi renmen? Pou kisa?

Èske gen nenpòt ladan yo ki janm fè ou santi ou kontrarye, oubyen tèt ou chaje? Pou kisa?

Èske ou ka montre mwen yon bagay ou jwenn sou TikTok ki fè ou anvi ri? Nenpòt bagay ou aprann sou TikTok owa sou YouTube?

Èske ou vle montre mwern kèk pwofil zanmi w sou Instagram, oubyen sou TikTok, oubyen yon lòt kote?

An nou gade ki foto yo mete, ak kisa nou ka aprann ladan yo.

An nou li kèk nan kòmantè ki sou foto yo, pou wè si genyen ladan yo ki se yon bon oswa yon move lide.

Èske ou ka montre mwen kouman pou sèvi avèk SnapChat ? Èske ou ka montre mwen kèk nan filt ou sèvi yo ?

Èske ou ka montre mwen kouman pou jwe jwèt ou pi renmen an? Menm si mwen pa bon ladan li, mwen ta renmen eseye li.

## KONTINYE

Èske janm gen yon moun ki afiche yon foto ou, ki fè ou pa santi ou alèz ?

**Kisa ou te fè lè sa te rive w ?**

Èske ou janm resevwa yon tèks yon moun ou pa konnen voye ba ou ? **Kisa ou fè lè sa a ?**

Èske ou gen moun ki konn mande w enfòmasyon pèsonnèl, tankou laj ou, ki kote ou lekòl, elatriye ? **Kisa ou reponn yo ?**

Èske ou janm gen moun ki poze ou kesyon ki yon jan malelve ? Èske gen nan kesyon sa yo moun lan pa ta dwe poze? **Kisa ou fè lè sa a ?**

Èske ou janm gen moun ki mande ou yon foto w ? Èske ou janm gen moun ki mande ou yon foto toutouni? **Kisa ou fè lè sa a ?**

Èske ou janm gen moun ki voye yon foto toutouni ba ou ? Mwen konnen sa konn rive, kidonk ou mèt di mwen. Èske sa konn rive avèk youn nan zanmi w ? Èske yo janm voye oubyen resevwa foto toutouni ?

**Èske ou gen zanmi ki janm ba ou tèt chaje?**

Èske gen moun ki janm mande pou li kontre avèk ou ? **Kisa ou fè lè sa a ?**

**Èske gen nenpòt kisa ou santi ou jennen pou ou di mwen? Pa gen pwoblèm, ou mèt di mwen.**

**Ou mèt pale avèk mwen nenpòt lè sou bagay sa yo, epi m ap toujou la pou ede w.**

**Si gen yon bagay ki twò difisil pou ou pale sou li, ou toujou ka ekri li.**

**Epi si ou p fin alèz pou di mwen yon bagay, men ou vle sèten mwen pare pou mwen tande w, ou mèt voye sa a 😊 davans. Epi m ap pare pou nou pale, ak pou mwen ede w.**